

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Dina hirup kumbuhna di alam dunya, manusa moal leupas tina kabudayaan. Antara manusa jeung budaya bisa disebutkeun lir ibarat dua sisi nu teu bisa dipisahkeun. Ekadjati (dina Danasasmita, 2001: 12) nétélakeun yén kabudayaan téh mangrupa sakabéh sistem gagasan, tindakan, jeung hasil karya manusa dina raraga kahirupan masarakat anu dijadikeun milik manusa ku cara diajar.

Karya sastra gelar salasihijina lantaran ayana dorongan tina diri manusa pikeun nyumponan pangabutuh batinna. Ku kituna, karya sastra diciptakeun sangkan bisa méré kasugemaan, boh kasugemaan éstétik boh kasugemaan intelék.

Karya sastra ogé mangrupa hasil cipta manusa nu diébréhkeun ngaliwatan ide-ide anu digelarkeun ngagunakeun basa sacara lisan atawa tulisan. Karya sastra digelarkeun kalawan ngagunakeun média basa. Ku kituna, antara basa jeung sastra téh raket patalina tur silih rojong.

Patali jeung éta hal, Tatang Sumarsono (1984: 9) nétélakeun yén karya sastra téh mangrupa rarakitan basa nu éndah nu ngahudang rasa, tapi éndah di dieu lain ngan semet basana wungkul. Anu leuwih poko kaéndahan dina sastra nyoko kana eusina, nya éta naon-naon anu ditepikeunana mangrupa tarékah pikeun ngahontal bebeneran.

Karya sastra Sunda gumelar sacara lisan jeung nonlisan (tinulis). Karya sastra Sunda tinulis mimiti aya sanggeus urang Sunda wanoh kana aksara. Ieu hal

teu leupas tina pangaruh Islam. Masarakat loba nu wanoh kana aksara Arab, ku kituna loba pisan naskah Sunda anu ditulis ngagunakeun aksara Arab.

Salasahiji karya nu loba ditulis dina aksara Arab nya éta wawacan. Wawacan mangrupa salasahiji karya sastra Sunda buhun anu kiwari teu pati dipikawanoh ku masarakat. Ku kituna diperlukeun hiji tarékah pikeun ngamumulé sastra buhun saperti wawacan. Tarékah nu bisa dilakukeun nya éta ku cara ngawanohkeun wawacan ka masarakat, ku cara nyieun transliterasi.

Laju mekarna karya sastra gumantung kana kamekaran jaman, karep, jeung karesep masarakat di lingkungan pangrojongna. Dibandingkeun jeung wangun-wangun warisan budaya nontulis di Indonesia, upamana baé tradisi lisan (dongéng atawa carita pantun), candi, jeung masjid, sastra tinulis leuwih punjul batan sastra lisan (budaya nontulis). Hal éta ngagambarkeun yén karya sastra tinulis mangrupa naskah Sunda nu hirup di masarakatna, sanajan héngkér tur jumlahna beuki ngurangan.

Ningali kana kaayaan jaman ayeuna, masarakat Sunda kudu ngarasa prihatin kana kaayaan sastra tinulis nu magrupa warisan karya buhun. Karya buhun éta téh salasahijina ngawujud dina wangun naskah. Naskah nya éta wacana (téks) hasil tulisan leungeun, biasana dibeundeul atawa dibukukeun (lain hasil citak); atawa, buku anu eusina wacana dina tulisan leungeun (Iskandarwassid, 2003: 90).

Dumasar kana kanyataan di lapangan, Tien Wartini (2008: 25) nétélakeun yén “*Ribuan naskah menunggu untuk diterjemahkan, tapi siapa lagi anak muda yang mau ikut membongkar rahasia sejarah di dalam naskah-naskah kuno Sunda?*”.

Ku kituna, naskah-naskah buhun éta téh kudu tetep dimumulé sabab naskah-naskah anu aya di masarakat ayeuna geus laleungitan alatan teu dijaga atawa ngarasa geus teu dibutuhkeun deui. Undang Ahmad Darsa (2008: 25) ogé nétélakeun yén “*Naskah-naskah di masyarakat ada yang disimpan di kandang ayam, di langit-langit dapur. Tapi, masih banyak yang disimpan di peti kayu karena dianggap sakral*”.

Loba tarékah pikeun miara karya sastra, hususna karya sastra Sunda sangkan nepi ka teu leungit kasilih ku kamajuan jaman, di antarana ku ngayakeun panalungtikan-panalungtikan kana karya sastra Sunda, boh karya sastra Sunda buhun boh karya sastra modéren. Panalungtikan-panalungtikan kana karya sastra buhun, di antarana waé panalungtikan carita pantun, dongéng, jeung wawacan. Ieu hal perlu pisan dilakukeun pikeun ngariksa sangkan generasi nu bakal datang teu pareumeun obor kana budaya Sunda, hususna kana karya sastra Sunda.

Salasahiji karya sastra Sunda buhun nya éta wawacan. Wawacan téh nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh (Iskandarwassid, 2003: 168). Anu jadi ciri has wawacan nya éta eusi caritana ditulis dina wangun *pupuh*. Anu disebut *pupuh* nya éta wangun puisi heubeul anu kauger ku guru wilangan jeung guru lagu.

Dina sastra Sunda pupuh téh aya 17, kabagi jadi dua bagian, nya éta sekar ageung jeung sekar alit. Pupuh anu kaasup kana sekar ageung aya opat, nya éta pupuh Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula, nu biasa disebut KSAD. Sedengkeun pupuh nu kaasup kana sekar alit nya éta salian ti pupuh KSAD, saperti pupuh Mijil, Pangkur, Durma, Balakbak, Maskumambang, Magatru,

Gambuh, Lambang, Wirangrong, Ladrang, Jurudemung, Gurisa, jeung Pucung. Masing-masing pupuh miboga watek jeung patokan séwang-séwangan, anu luyu jeung laguna atawa cara nembangkeunana.

Karya sastra bisa disebutkeun lain ngan ukur hiji karya anu mibanda budi, imajinasi, jeung émosi wungkul, tapi geus dianggap hiji karya anu kréatif (Semi, 1990: 1). Disebut karya anu kréatif, lantaran karya sastra mangrupa ébréhan pribadi tina idé-idé, pangalaman, jeung pikiran dirina. Pangarang ngaéksprésikeun hasil paniténa ngeunaan kondisi masarakat maké média basa jeung ngaliwatan kréatifitas jeung kamampuhna, maké karya sastra minangka média éksprésina. Dumasar kana hal éta, karya sastra mun diteuleuman jeung diteleban, ngandung ajén-inajén anu luhur. Ku kituna, Pangarang dina nepikeun ajén-ajén moral tina karyana biasana ditepikeun sacara teu langsung. Disebut sacara teu langsung téh duméh perkara moral mah ngancik dina diri palaku (tokoh) ngaliwatan ucapan-ucapan, kalakuan jeung pola pikirna. Nu maca kudu daria milah-milah, sabab ku pangarang mémang teu diwincik hiji-hiji, mana moral nu hadé jeung mana moral anu goréng.

Kiwari jaman ditandaan ku robahna pola hirup masarakat. Ngaliwatan média-média informasi saperti radio, tv, majalah-majalah, internét jeung media-média liana, masarakat nyanghareupan skétsa cara hirup “modern”. Tetekon hirup nu turun-tumurun ti luluhur disanghareupkeun kana rupa-rupa pola alternatif. Lain hiji dua sikep nu mimiti robah, pangajén ngeunaan naon nu hadé jeung naon nu goréng (moral) mimiti teu ajeg. Aturan adat-istiadat jeung agama geus teu pati dilakonan. Pergaulan rumaja méngpar jauh tina naon anu dianggap pantes ku

generasi saméméhna. Cindekna kiwari moral méh robah kalungguhanna.

Sababaraha conto kajadian robahna moral di masarakat kiwari, di antarana:

“Akibat kesalahpahaman seusai mengikuti salah satu mata pelajaran, terjadilah perkelahian antara dua siswa SMPN 2 Pabuaru, Kab. Subang. Jaja tewas, setelah perkelahian itu terjadi.” (Pikiran Rakyat: 3, Rabu, 12 November 2008)

“Karena pihak perusahaan tengah mengejar target produksi, Perusahaan garmen milik Penanaman Modal Asing (PMA) yang berkedudukan di Desa Merengmang, kec. Kalijati, Kab. Subang, telah memaksa empat karyawannya untuk bekerja tanpa henti lebih dari 18 jam (kerja rodi). Akibat hal itu, keempat karyawan tersebut jatuh sakit, bahkan ada yang sampai tak sadarkan diri. Dan pihak perusahaan yang dianggap tidak berkemanusiaan itu, sama sekali tidak memberikan dana pengobatan kepada keempat karyawan yang jatuh sakit tersebut.” (Pikiran Rakyat: 3, Kamis, 16 Oktober 2008)

Éta cutatan téh mangrupa gambaran ngeunaan masarakat kiwari anu geus méngpar tina tetekon agama jeung darigama, nu tangtu waé nimbulkeun kahariwang. Gambaran ngeunaan moral boh nu hadé boh nu goréng bisa katitén salasahijina tina karya sastra. Ajén moral anu aya dina hiji karya sastra bisa jadi gambaran ajén moral anu dianut ku masarakat dina jamanna.

Wawacan anu ditalungtik dina ieu panalungtikan anu eusina euyeub ku ajén-ajén moral nya éta *Wawacan Ratu Déwi Maléka*. Geusan mesék jeung ngaguar ajén-ajén moral nu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*, boh moral nu hadé jeung nu goréng, ieu wawacan ditalungtik ku jalan niténan paripolah sikep jeung omongan atawa kekecapan tokoh dina éta wawacan. Aksara nu dipaké nya éta aksara Arab Pégon, sedengkeun basa nu dipakéna nya éta basa Sunda, basa Jawa, basa Arab, jeung basa Batawi, sarta eusi caritana diwangun ku sababaraha pupuh.

Salian ti éta, anu jadi objék dina ieu panalungtikan nya éta struktur carita jeung ajén moral *Wawacan Ratu Déwi Maléka*, lantaran moral téh mangrupa

salasahiji hal anu perlu meunang perhatian daria, dina enggoning netepkeun sikep anu ajeg kana agama, akal, jeung masarakat. Anu jadi dadasar nyokot judul éta téh, nya éta: (1) hayang ngawanohkeun deui karya sastra Sunda buhun hususna wawacan anu geus dipopohokeun ku masarakat balaréa; (2) *Wawacan Ratu Déwi Maléka* mangrupa téks nu ngagambarkeun kahirupan nu ngandung ajén-inajén nu luhur; (3) *Wawacan Ratu Déwi Maléka* mangrupa téks naratif nu diwangun ku struktur carita saperti palaku, latar, jeung galur.

Skripsi ngeunaan ajén-ajén moral téh kungsi dilaksanakeun, nya éta anu judulna: *Ajén Moral nu Aya dina Wawacan Nimu Luang tina Burang* ku Nurrani Siswanty taun 2006.

1.2. Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang nu geus ditétélakeun di luhur, dina ieu panalungtik anu diwatesanan masalahna sangkan masalah nu dipedar jéntré tur museur kana poko bahasan, kalawan teu méngpar tina widang nu ditalungtik, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan:

- 1) Struktur carita wawacan nu ngawengku fakta carita, téma, jeung sarana sastra. Tapi baris diwatesanan ngeunaan fakta carita wungkul nu ngawengku palaku, galur/*plot*, jeung latar/*setting*.
- 2) Ajén moral anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh unsur moral anu aya dina éta téks *Wawacan Ratu Dewi Maléka*.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan saperti ieu di handap:

1. Kumaha déskripsi naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*?
2. Kumaha déskripsi palaku dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*?
3. Kumaha galur/*plot* carita dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*?
4. Latar/*setting* naon waé anu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*?
5. Ajén moral naon waé nu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*?
6. Pupuh naon baé anu digunakeun dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Tujuan nu bakal nuyun kana léngkah sangkan museur kana tujuan anu hayang dihontal. Tujuan ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

1. fisik naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
2. palaku dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
3. galur/*plot* carita dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
4. latar/*setting* dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
5. ajén moral anu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
6. pupuh naon baé anu digunakeun dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*?

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat, di antarana:

1. Pikeun meunangkeun informasi ngeunaan ajén moral nu nyampak dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka* sacara oténtik;
2. Méré gambaran pikeun mahasiswa, hususna pikeun mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah ngeunaan ajén moral anu dianggap penting ku urang salaku manusa anu miboga darajat luhur di antara mahluk séjénna;
3. Pikeun ngeuyeuban pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, utamana mah dina hal ajén moral (moralitas).

1.4. Anggapan Dasar

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga anggapan dasar saperti ieu di handap

1. *Wawacan Ratu Déwi Maléka* mangrupa salasahiji hasil karya sastra heubeul nu perlu diropéa;
2. *Wawacan Ratu Déwi Maléka* mangrupa salasahiji naskah Sunda buhun nu bias jadi bahan panalungtikan;
3. *Wawacan* mangrupa carita rékaan anu mibanda unsur carita;
4. *Wawacan* salasahiji karya sastra anu bisa dianalisis unsur-unsur caritana.

1.5. Tatapakan Tiori

Pikeun bahan patokan dina nganalisis unsur intrinsik dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*, tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tiori sastra jeung tiori filologi.

Tiori sastra dipaké pikeun patokan dina nyarungsum eusi wawacan sangkan kanyahoan naon jero-jerona eusi *Wawacan Ratu Déwi Maléka*.

Wawacan téh mangrupa salasihiji sastra buhun, ku kituna diperlukeun tiori anu tangtu. Dina ieu hal tiori anu dipaké salian ti tiori sastra ogé tiori filologi.

Tatapakan tiori anu dipaké nya éta: *Sajarah Sastra Sunda* (Ruhaliah, 2002), *Wacana Bahasa dan Sastra Lama* (Danasasmita, 2001), *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid. 2003), *Metode Penelitian Sastra* (Semi, 1990), *Pengantar Teori Filologi* (Baried, 1985), *Pengantar Aprésiasi Karya Sastra* (Aminuddin, 1987), *Pangajaran Sastra Sunda* (Tamsyah, 1996). Jeung buku-buku séjénna nu dibéréndélkeun dina daftar pustaka.

Buku-buku anu disebut di luhur téh dipaké acuan pikeun medar ieu panalungtikan. Pikeun kapentingan ieu panalungtikan, bisa jadi tina sababaraha pamadegan (téori) nu diasongkeun ku para ahli téh baris *dimodifikasi*.

1.6. Wangenan Operasional

Aya istilah nu perlu ditepikeun ngeunaan katerangan-katerangan anu aya patalina jeung objék panalungtikan, di antarana:

- 1) *Analisis* nya éta néangan inti masalah nu aya dina sumber sarta néangan harti anu sajas-jelasna. Dihubungkeun jeung ieu panalungtikan, analisis hartina néangan harti atawa ma'na nu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
- 2) *Struktur* nya éta susunan unsur-unsur carita atawa bagian-bagian carita anu ngawangun aturan susunan carita;

- 3) *Ajén* nya éta pangaji, harga (KUBS, 1995: 7). *Ajén* nya éta “nilai yang artinya sifat-sifat yang penting, yang ada gunanya untuk kemaslahatan manusia pada umumnya” (KBBI, 1988: 615);
- 4) *Moral* nya éta ahlak (KUBS, 1995: 317). Nurutkeun Bertens (1994: 142) *ajén* moral téh sipatna ngawajibkeun sacara absolut jeung teu bisa ditawar-tawar deui. *Ajén* moral kudu diaku sarta diréalisasikeun dina kahirupan sapopoé;
- 5) *Wawacan* nya éta carita anu didangdingkeun, digelarkeun dina puisi pupuh. Ku lantaran ngalalakon, téks (wacana) wawacan téh umumna paranjang; mindeng gunta-ganti pupuh, biasana marengan ganti épisodeu (Iskandarwassid, 2003: 168);
- 6) *Wawacan Ratu Déwi Maléka* nya éta salasihiji naskah hasil karya sastra Sunda buhun, anu eusina nyaritakeun kisah Ratu Déwi Maléka putri Raja Salalim.